

Nim. 202.69

## DEKRÈ EGZEKITIF

### **Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiwayon katastwòf la**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiwayon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou:

**KOUNYE A AN KONSEKANS**, mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, oswa pou bay direktiv ki nesèsè pou reyaji fas ak katastwòf la, avèk dokiman sa a, ap kontinye sispansyon ak modifikasyon nan lwa, ak kèlkeswa direktiv ki pa ranplase ak yon direktiv annapre ki fè pati Dekrè Egzekitif 202.22 jiska 202.26, 202.32, 202.33, 202.34, 202.35, 202.44, 202.45, 202.53, 202.57, jan yo kontinye ak antre nan Dekrè Egzekitif 202.64 pou yon lòt trant jou jiska 13 novanm 2020, eksepte:

- Sibdivizyon (a) nan Seksyon 301 nan Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon an (Vehicle and Traffic Law), nan mezi li egziye enspeksyon sekirite chak ane ak enspeksyon degajman omwen chak dezan, p ap sispann ni modifiye ankò apati de 3 novanm 2020.

**ANPLIS DE SA**, mwen avèk dokiman sa a sispann oswa modifiye tanporèman, pou peryòd apati de dat Dekrè Egzekitif sa a jiska 13 novanm 2020:

- Modifikasyon an nan Dekrè Egzekitif 202, nan sibdivizyon 4 seksyon 6909 Lwa sou Sante Piblik la (Public Health Law), sibdivizyon 6 seksyon 6527 Lwa sou Edikasyon an (Education Law), ak seksyon 64.7 Tit 8 nan NYCRR, nan mezi sa nesèsè pou pèmèt doktè yo ak enfimye pratisyen sètifye yo pou yo soti yon rejim ki pa pou yon pasyan an patikilye pou enfimye ak tout lòt moun konsa lalwa oswa yon dekrè egzekitif otorize pou yo pran echantyon sou aplikatè nan gòj oswa nan nen sou moun yo sispèk ki soufri enfeksyon COVID-19, nan objektif fè tès, oswa pou fè lòt travay ki gen dwa nesèsè pou ofri swen bay moun yo dyagnostike oswa yo sispèk ki soufri enfeksyon COVID-19, modifiye avèk dokiman sa a pou ajoute echantyon bave sou aplikatè tou.

**ANPLIS DE SA**, konfòmman ak otorite lalwa ban mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstriksyon pandan yon ijans nan sitiwayon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstriksyon nou pral site la a pou jiska dat 13 novanm 2020:

- Pou pwoteksyon sante piblik, ak an rekonesans konsekans ekstrèm k ap prezante yo si restriksyon ki etabli yo nan Dekrè Egzekitif 202.68 pa respekte, direktè bidjè a gen otorizasyon pou li sispann tout

fon yo te rezève nan Bidjè ki Pwomilge pou Ane Fiskal 2020 an (FY20 Enacted Budget) bay oswa pou, dirèkteman oswa endirèkteman, yon lekòl oswa distrik lekòl piblik oswa ki pa piblik ak/oswa bay yon lokalite pou peryòd kote yo jwenn distrik lekòl, lekòl oswa lokalite sa a vyole Dekrè Egzekitif 202.68, oswa pou peryòd kote distrik lekòl, lekòl oswa lokalite sa a an vyolasyon nenpòt òdonans depatman sante a konfòmman ak Dekrè Egzekitif 202.68.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan katòzyèm jou mwa oktòb

nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a